

## 6. OETJING ROESDI.

„Emang! Gens ningali oetjing koering?”

„Atjan,” djawab pamanna.

„Geura oerang tjaloekan: „Meng, meng, meng; tjing, tjing, tjing!” „Misnēm, ka mana si Pintjang?”



„Naha, 'Djang, alocs teuing ngaran oetjing teh, hēl si Pintjang?”

„Da eta soekoena pintjang, emang! bareto

katinggang socloeh. Mana ajeuna oetjingna, Misnëm?"

„Eta soegan, noe brag-brig-broeg di para.”

Tjoeit, tjoeit, tjoeit; tjit, tjit, tjit....

„Euleuh! keur newok beurit meurcun!”

Toeh geuning, da ënja! Beuritna koe si Pintjang dibawa ka Roesdi.

„Tuh 'mang, si Pintjang mah, ari meuang beurit teh sok ditembongkeun ka koering! Pangabisana si Pintjang rea pisan: naek, loentjat, disada, djeung ngodjaj.”

„Wah, moal ënja aja oetjing bisa ngodjaj!”

„Ih! Bisaceun, 'mang! geura tingalikeun.”

Si Pintjang didépakeun koe Roesdi, bari diasoj-asoj, kawas noe ngodjaj, boenloetna ditarik.

„Toeh, 'mang, ngodjaj ari kitoe teh!”

„Edas! ënja bae,” tjeuk paman Roesdi.

Oetjingna rada keuhenteun ka Roesdi, pek malikan, ngoët kana beungutna, tocloej loempat ka leuit. Roesdi ambëkeun pisan ka si Pintjang.

„Toeh oetjingna asocp ka leuit, 'Di!” omong pamanna.

„Da oenggal poë oge suk di leuit hae, moenggoean pare, bisit koe beurit. Lamoen parena beak, ti mana koering nja dahar, atoeñ moal lintoeh,” Ujuk Roesdi.

„Hih! Sia mah ngan barang bakun bue kabentuk tel. Koemaha 'moen beuteung sia këmbaeng tening, toeloj ngapoeng kawas balon?”

## 7. TJHLAKA DOEANANA.

Roesdi ngomong ka adina: „Misuëm! oerang ngangon domba hajoe, geus beurang!”

Eta doeñ boedak laloempatan, palucula heusia ke kandang domba. Roesdi noe pangéulana, toeloj moekakeun pantona.

Si Djuloe dilalian, toeloj ditoengtoen ka loear. Geus di loear, hénieu boeroe-boeroe diangon koe Roesdi, tapi dibawa oefin heala. Diloempakan, didépakeun djeung diofjonan.

Ari koe Misuëm ditarik tjelina, dibéot boentoetna djeung dibaboekan.

Domba ngambék, toeloj nuungtoeng, gèpoek

neunggar beuteung Roesdi. Hadena hae teu tarik neunggarana. Roesdi ngan oekoer laboeh djeung tjeurik wawaw-wiwuw meucusan.



Tjeuk Misnēm: „Oelah tjeurik Oedi! adatna lalaki mah; djeung bongon sia ongkoh, uaha atoe si Djaloe diheureujan?”

Dombana loempai ka saeong lisoeng. Toeloej diarwedag.

„Keun hae, Roesdi, éntong diwedag, da toeloej ka kéhon geuning! Oerang noetoe hae ajcuna mah, keur parab hajam,” tjeuk Misnēm.

„Wah! moal énja sia bisa noetoe, apun beurat halocna!”

„Pirakoe teu bisa noetoe mah, apun aing teu awewe; geura tendjokeun!”

Si Misnēm toeloeg njokol haloe leutik.  
 Gëdoeg! gëdoeg! gëdoeg! si Misnēm noctoe.  
 „Edas! énja bae sia geus bisa noctoe.”

Si Misnēm aloheuu nakër dipoedjji teh; njékëhna  
 haloe halawera, bari toek-licuk.

Haloeha kalesotan, gëdak ninggang tarangna  
 pisan. Si Misnēm tjeurik aloek-aloekean.

Roesdi gëgëroan: „Toeloeng! toeloeng! toe-  
 loeng! si Misnēm paeh, katinggang haloe!”

Kolotna karagetenn, laloempatan njampeur-  
 kemu. Si Misnēm ngadjongkeng, tarangna han-  
 tjoenoer.

Koe indoengna dipangkoe ka inah, toeloeg  
 dioebaran koe beas djeung tjikoer.

„Wah, si Misnēm, kiloe-kiloe bae tjeurik;  
 geuning aing tadi ditoebroek domba teu tjeurik,”  
 tjeuk Roesdi.

„Na' iraha „sia ditoebroek domba?” tjeuk  
 pamanna.

„Kapan tadi, 'uang! basa keur diangon.”

„Adalna ari baroedak balangor mah sok tji-  
 lake,” tembal pamanna.

## 8. TOEKANG GAMBAR.



Sabada isa indoeng bapa Roesdi djeung pamanna ngawatangkong di tengah imah. Ari noe ditjaritakeun laja lian, ngan kabangoran Roesdi djeung Misnëm.

Eta doca boedak ngan bahah-hehela bae, senserian. Si Roesdi gagambaran koe apoe dina panto.

Ari si Misnëm milang doedoeitan siki asëm toekangeun indoengna.

Kira-kira poekoel salapan baroedak teh laloempatan ka Énggon, toeloej harees.

Gagambaran Roesdi dina panto, katendjo koe pamanna.

„Aeh-ueh! si Roesdi teh koetan bisa ngagambar! Naha sok laladjo wajang? Geuning itoe geus bisa ngagambar wajang!”

Tembal bapa Roesdi: „Kapan kamari koe akang tas dihawa ti noe kariaan, ari di dirja nanggap wajang.”

„Puingan atoeah, ari kitoe mah,” tjeuk pamau Roesdi. „Rasa kocring, ieu boedak pipintereun, da topekna geus tembung. Geura sakolakeun hae atoeah, kang!”

„Hér, kapan énggeng dibawa ka sakola desa, tapi saeue Goeroe, atjau tjoekoepe oemoerna, keudoe éngke, laeun karup,” tembal Pa Roesdi.

Neng, neng, neng, neng, neng, neng, neng, neng, neng, neng!

„Énléuk! geuning geus peuting; hajoe oerang maroadok, bisi isoek kabaurangan ka sawah.”

Indoeng Roesdi toelocj merenkeun oerocetna ngaropi. Sanggeus kitoe, toelocj doeg sarare, talibra pisan.

Harita di muah djemping tiisenn, kawas gaang katintjak hae. Noe kadenge ngau sora beurit, tingtjaroeit, tingkocroetak, nareangan kahakunan.